

**THE SCHOOL BOARD OF BROWARD COUNTY, FLORIDA**4200 NW 10<sup>th</sup> Avenue • Oakland Park, Florida 33309 • Office: 754-321-4200 • Fax: 754-321-4285

Environmental Health & Safety  
Alison Witoshynsky, Director  
754-321-4200  
alison.witoshynsky@browardschools.com

**The School Board of Broward County, Florida**

Lori Alhadeff, Chair  
Debra Hixon, Vice Chair

Torey Alston  
Brenda Fam,  
Esq  
Daniel Foganholi  
Dr. Jeff Holness  
Sarah Leonardi  
Nora Rupert  
Dr. Allen Zeman

9 Janvyè, 2024

Paran ak Estaf Lekòl Peters Elementary School:

Dr. Peter Licata

Konfòmeman ak lwa Eta Florid epi sou lòd Depatman Pwoteksyon Anviwonman Florid (FDEP), School Board of Broward County (School Board), responsab transparans enfòmasyon vizavi tout pati enterese, ap notifiye estaf ak paran oswa gadyen timoun yo te detekte prezans polyan nan tè sou pwopriyete lekòl Peters Elementary.

Nan mwa Fevriye 1992 yo te dekouvri lapremyèfw a kontamine toupre yon ansyen sitèn tank gaz ki sitiye nan pati nòdwès sit la. Nan mwa Avril 2009 yo te preleve echantyon ki konfime kote yo te detekte tè a kontamine depase nivo sib netwayaj men yo pat detekte kontaminasyon nan dlo souteren pi wo nivo sib pou tretman dlo. Ant lane 2017 ak 2023 yo te fè yon evalyasyon siplemantè ki te pèmèt idantifye kontaminasyon egziste nan tè a soti depi sifas la rive nan yon pwonfondè kat pye. Ant mwa Jen ak Out 2023, sou plas nan zòn ki te idantifye yo te wete tè epi deplase premye de pye tè. Apresa yo te kouvri zòn sa yo avèk de pye ranblè pwòp, gazon oswa konpòs. Lòt zòn ki pat antre nan kad aktivite wete tè te kouvri avèk twotwa, bildin, oswa asfalt.

Nan tablo swivan ou va wè lis polyan espesifik ke nou jwenn sou sit la pandan diferan evalyasyon; ou va wè sou lis la lokasyon ak nivo polyan espesifik ki rete sou sit la. Nivo sib netwayaj ki aplikab, ke FDEP itilize kòm yon gid pou netwayaj pwodi ak sibstans chimik sou lye dechè, enkli sou lis la pou chak polyan ki detekte. Sit la resevwa tanporèman Pa daksyon avèk Apwobasyon Kondisyonèl nan men Broward County annatandan nou soumèt yon Deklarasyon Konvansyon Restriktif pou pwopriyete a. Deklarasyon an dwe anrejistre.

Kontaminan	Lokasyon (Mwayen)	Nivo Detekte	Nivo Sib Netwayaj	Rezon pou Nivo Sib Netwayaj
		Tè an mg/kg	Tè an mg/kg	
Benzo(a)Pyrene	Tè (anba 2 pye)	6.2	0.1	Espozisyon Dirèk Rezidansyèl
Benzo(a)Pyrene Ekivalan	Tè (anba 2 pye)	9.9	0.1	Espozisyon Dirèk Rezidansyèl

Pou ede ou konprann enfòmasyon sa epi reponn nenpòt kesyon ou genyen, FDEP gen yon liy telefòn dirèk gratis pou ransèyman kote ou ka kite yon mesaj anrejistre epi ou va resevwa yon kòl bak nan yon jou ouvrab. Si ou gen kesyon konsènan netwayaj sit sa, tanpri rele nimewo telefòn dirèk gratis FDEP, 1-866-282-0787.

Rete asire sekirite ak sante elèv epi estaf nou yo preyokipe nou anpil epi School Board ap kontinye asire yap pran tout aksyon apwopriye pandan nap vanse ak kesyon sa. Si ou gen kesyon oswa si ou bezwen plis enfòmasyon, tanpri kontakte depatman Sante & Sekirite Nan Anviwonman/*Environmental Health & Safety Department* nan nimewo 754-321-4200.

Alison D. Witoshynsky  
Director, Environmental Health & Safety